



Pou Piblikasyon Imedya: 25/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN TOU KREYE LABORATWA RECHÈCH AK DEVLOPMAN KLAS MONDYAL POU DEVOLEPE PWOCHEN JENERASYON REZO ELEKTRIK**

### ***Pi gwo etablisman tankou R&D nan mond lan pral sipòte sistèm rezistans elektrik ak avanse itilizasyon resous Renouvelab***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke New York Power Authority ak Enstiti Politeknik SUNY te siyen yon akò pou kreye yon etablisman klas mondyal ki konsakre a inovasyon teknoloji enèji ak deplwaman rapid teknoloji rezo entelijan pou modènize rezo elektrik New York. Etablisman an, kap rele Advanced Grid Innovation Laboratory for Energy (AGILE) pral stimile, devlope, teste ak deplwaye yon rezo ki pi entegre.

“Lè yo bati yon etablisman devlopman ak rechèch modèn ki akse sou amelyore enfrastrikti enèji New York, nap fè yon gwo investisman nan avni eta nou an,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Etablisman sa a pral simante pozisyon New York nan teknoloji enèji pwòp dènye kri, epi kreye yon nouvo jenerasyon travay teknoloji, ki gen rapò a enèji ki peye byen nan pwosesis la. Mwen kontan pou m wè pwojè a prale delavan kòm nap kontinye travay pou bati yon eta ki pi solid ak pi pwòp pou tout Nouyòkè yo.”

AGILE pral bay yon anviwonman pou NYPA pouswiv pwòp rezo l ki gen rapò a R&D ak favorize rechèch enterè a transmisyon sistèm operatè, sèvis piblik, lojisyèl ak fabrikan pyès, ajans gouvènman ak inivèsite yo.

Etablisman an ta adrese youn nan rekòmandasyon esansyèl gwoup travay enèji otwout Gouvènè Cuomo a te idantifye, pou itilize patenarya piblik-prive pou ede modènize ak amelyore enfrastrikti enèji New York ki aje ak akselere nouvo teknoloji devlopman komèsyal. AGILE konpatib tou avèk plan vizyon refòm global enèji Gouvènè a pou revolisyone transmisyon elektrik ak jenerasyon enfrastrikti pandan lap devlope yon sistèm enèji ki pi fyab, pwòp, bon mache pou tout Nouyòkè yo.

Nan tan lontan, rechèch enèji nan laboratwa te konsantre tradisyonèlman sou akomode bezwen gwo santral izin elektrik bay elektrisite sou liy transmisyon long a sèvis piblik lokal yo. Kounye a, akòz avansman nan teknoloji ak rediksyon depans a ba echèl, jenerasyon enèji pwòp, gen yon nesosite pou re-envante sistèm elektrik la pou reponn a bezwen chanjman nan yon ekonomi ki fonde sou yon anviwonman enèji dirab.

“Sistèm sèvis elektrik la ap antreprann yon chanjman revolisyonè e etablisman sa pral mete New York kareman nan avangad transfòmasyon sa a,” Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans, Biwo Gouvènè Cuomo te deklare. “Teknoloji rechèch ak devlopman rezo entelijan pral asire ke solisyon enèji sofistike ap ogmante pou kenbe enfrastrikti elektrik kont menas fizik ak enfòmàtik, amelyore operasyon efikas nan rezo a, epi akselere itilizasyon resous enèji renouvlab kòm nap santre sou devlope yon enfrastrikti enèji ki pi pwòp ak bon mache.”

Prezidan ak PDG Gil C. Quiniones, NYPA te deklare, “Tout sistèm enèji a ap chanje nan yon vitès rapid, kondwi pa teknoloji ak atant kliyan an. AGILe pral reprezante yon gwo pwopòsyon annavans nan reyalize valè konplè jenerasyon santral & transmisyon ak distribisyon resous enèji. Inisyativ sa a pral demontre kijan kolaborasyon kontinyèl ant inivèsite yo, gouvènman ak sektè prive a ka pote solisyon inovè a pwoblèm konplèks yo.”

Alain Kaloyeros, Prezidan Politeknik SUNY, te deklare, “Gouvènè Cuomo kontinye pozisyon Eta New York nan avangad inovasyon teknoloji ak komèsyalizasyon. Devlopman rezo entelijan se yon konpozan esansyèl pou teknoloji kap monte ak demann enèji nan 21yèm syèk la. SUNY Poly kontan pou l fè patenarya avèk NYPA sou AGILe, kote espesyalite nou ki konbine nan enèji pwòp ak renouvlab, ansanm avèk patenarya piblik-prive, pral san dout kondwi a solisyon elektrik inovè pou pwochen jenerasyon yo, pandan lap bay Nouyòkè yo gwo opòtinite travay.”

Nouvo sistèm teknoloji elektrik, tankou detektè siveyans sistèm transmisyon avanse, ogmante estasyon machin elektrik, ak mikwo-rezo, bezwen pou teste nan yon anviwonman laboratwa avanse anvan yo ka deplwaye. Lè nou estimile enpak ki gen nan chanjman yo prevwa nan rezo a, chèchè yo ka pi byen konprann enpak ak konsepsyon nan amelyorasyon sistèm nan pou akomode teknoloji sa yo kap parèt epi amelyore operasyon yo nan tan reyèl. Stimilasyon sa yo ka diminye depans amelyorasyon nan rezo a epi pèmèt yon pi bon repons a kondisyon yo ki kapab menase fyabilite ak kalite elektrisite.

Yo pral devlope zouti analiz yo kidonk sèvis piblik yo ka fasilman konvèti done yo ki soti nan dektetè rezo pou rapidman reponn a defi yo oswa menas pou rezo a. Rechèch AGILe gen entansyon tou pou ede sèvis piblik yo nan fè transmisyon ak operasyon fonksyonman yo pi efikas ak pou ede entegre resous enèji renouvlab nan rezo elektrik la.

### **Refòm vizyon enèji a:**

Daprè inisyativ refòm stratejik vizyon enèji Gouvènè Cuomo (REV), Eta New York ap stimile inovasyon enèji pwòp, pote nouvo envestisman ak amelyore chwa kliyan pandan lap pwoteje anviwonman ak dinamize ekonomi New York. Noouyòkè yo pral benefisye de aksè a yon enfrastrikti enèji ki pi bon mache, pwòp, ansekirite ki kreye travay epi bay devlopman ekonomik toupatou nan Eta.

**Enfòmasyon sou New York Power Authority:**

NYPA se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta, grasa eksplwatasyon 16 etablisman pwodiksyon li yo ak plis pase 1,400 kilomèt liy sikwi transmisyon yo. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi eta. Li finanse operasyon li yo grasa lavant obligasyon ak revni li resevwa an gran pati atravè lavant elektrisite. Plis pase 70 pousan nan elektrisite NYPA pwodui se idwo-elektrisite renouvlab pwòp. Pou jwenn plis enfòmasyon vizite [www.nypa.gov](http://www.nypa.gov) epi swiv nou sou Twitter @NYPAenergy, Facebook, Instagram, WordPress, ak LinkedIn.

**Enstiti Politeknik SUNY:**

Enstiti Politeknik SUNY (SUNY Poly) se eko-sistèm edikasyon wo teknoloji New York ki rekonèt mondyalman nan fizyon SUNY College of Nanoscale Science ak Engineering ak SUNY Institute of Technology. Antanke inivèsite ki pi avanse nan kondwi rechèch antrepriz nan mond lan, SUNY Poly posede plis pase \$20 milya dola nan investisman wo teknoloji, plis pase 300 patnè antrepriz epi kenbe yon anprent nan tout eta.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418